Елизабет Дженер, Кеит Уилсон æмæ Ниа Робертс

Иллюстратор Алекс Шеплер





# КОРОНАВИРУС

Иллюстарцигонд чиныг сабитæн







Гуырдзиаг рауагъды консультанттæ

Амиран Гамхърелидзе æмæ Хатуна Захашвили

Низфæзындты контролы æмæ æхсæнадон æнæниздзинады национ центр

სულაკაურის გამომცემლობა

nosy crow

*Nosy Crow британайаг сабиты рауагъдад у, кæцы ацы чиныг цыбыр рæстæгмæ бацæттæ кодта сабиты æмæ сæ бинонтæн æххуыс кæнынæн.*
*Чиныг саразыны хайадисæг адæймæгтæ æнæрагъæй бакуыстой, цæй тыххæй дæр Nosy Crow стыр бузныг зæгъы уыдонæн.*


Электронон чиныгыл куыстой:
**Аксел Шеплер**, иллюстратор
Профессор **Грем Медли**, инфекционист,
Гигиенæйы æмæ тропикон медицинæйы скъолæ, Лондон
**Сара Хейнс**, ахуыргæнæг, Арнхем Уарфы райдиан скъолæ, Лондон
**Алекс Ланди**, ахуыргæнæг, Арнхем Уарфы райдиан скъолæ, Лондон
**Моника Форт**, ахуыргæнæг, Бен Джонсоны райдиан скъолæ
Доктор **Сара Карман**, национ æнæниздзинад хъахъхъæныны системæ, хосгæнæг психолог, сабиты æмæ æнахъомты психикон æнæниздзинады æмæ нейроразынады специалист

Гуырдзиаг рауагъд © Сулакаурийы рауагъдад, 2020


Алы бар хъахъхъæд у.


Тæлмацгæнæг **Кетеван Джахъели**
Консультанттæ: **Амиран Гамхърелидзе, Хатуна Захашвили**
Редактор **Русудан Горгадзе**
Техникон дизайнер **Ладо Ломсадзе**



Text Copyright © Nosy Crow Ltd. 2020, Illustrations Copyright © Axel Scheffler 2020
Nosy Crow and associated logos are trademarks and/or registered trademarks of Nosy Crow Ltd.
This translation of Coronavirus: A Guide for Children is published by arrangement with Nosy Crow ® Limited
Georgian translation published by Sulakauri Pulishing, 2020
All rights reserved.



**www.sulakauri.ge**

სულაკაურის
გამომცემლობა



Елизабет Дженер, Кеит Уилсон æмæ Ниа Робертс
Иллюстратор АЛЕКС ШЕПЛЕР


# КОРОНАВИРУС

## ИЛЛЮСТАРЦИГОНД ЧИНЫГ САБИТÆН


Гуырдзиаг рауагъды консультанттæ

**АМИРАН ГАМХЪРЕЛИДЗЕ**

Медицинæйы зонæдты доктор, профессор, Низфæзындты контролы æмæ æхсæнадон æнæниздзинады национ центры генералон директор

**ХАТУНА ЗАХАШВИЛИ**

Низфæзындты контролы æмæ æхсæнадон æнæниздзинады национ центры исæг низфæзындты департаменты разамонæг



სულაკაურის
გამომცემლობა

Ацы ныхас сымах æнæмæнгæй фехъуыстаиккат.

Гæнæн ис хистæртæ йæ кой кодтой ныхасы рæстæджы кæнæ йæ ног хабæртты фехъуыстай...
Раст ацы ныхасы тыххæй у, цæмæй ды æмæ иттæг бирæ сабитæ зæххы цъарыл ныртæккæ скъолæмæ кæнæ сабидæттæм кæй нал цæут. Налдæр тезгъо кæнут, налдæр уæ хæлæрттæм уазæгуаты цæут; раст ацы ныхасы тыххæй у, æмæ сымахыл аудæг хистæртæ дæр æдзухæй хæдзары кæй сты.





# АЦЫ НЫХАС У КОРОНАВИРУС...





# ЦЫ У КОРОНАВИРУС?




Коронавирус æнгæс **вирус у**.

Вирустæ хæрзчысыл удæгас уæвджытæ сты, уыйбæрц чысылтæ сты, æмæ сын фенæн гæнæндзинад нæй.

Вирустæ уæлдæфы доны æртæхты хуызы ратæх-батæх кæнынц æмæ гæнæн ис дæ цармыл æрхауой, фæлæ, ацы рæстæджы ды мацы банкъарай. Фæлæ кæд уыдон дæ организммæ баирвæзой, уæд сбирæ уыдзысты æмæ фæрынчын уыдзынæ. Фæлæ, алы вирус нæ вæййы тæссаг. Иуæй-иу æнæхъыгдаргæ у æмæ никæмæн зиан кæны.




Зæххыцъарыл бирæхуызон коронавирус ис æмæ уыдонæй иуæй-иутæ адæймагыл раджыдæр иу бахæцыд. Гæнæн ис иуæй-иу вирус дæуыл дæр бахæцыд, фæлæ тынг нæ фæрынчын дæ, хуымæтæг, æхснырсæг кæнæ дæ хуыфæг тыхсын кодта.




Хъыгагæн, ацы фæстаг рæстæджы **бынтон ног** коронавирус фæзындис, кæцы, куыддæр организммæ бахауы, афтæ инфекцийы расайы æмæ адæймаг фæрынчын вæййы. Ацы низфæзынды **Ковид-19** хонынц. Исчи куы фæзæгъы, коронавирусæй фæрынчын, уæд раст ацы низфæзынд нысан кæны.

# КУЫД НÆМ БАХАУЫ КОРОНАВИРУС?

Уый тыххæй æмæ ай ног коронавирус кæй у, уымæ гæсгæ зонадон кусджытæ уый фæдыл нырма алцыппæт нæ зонынц; фæлæ хъуыды кæнынц, цæмæй уый дыууæхуызæй хæлиу кæны – æртахгай æмæ вирусон дзаумамæ къухæй фæцагайынæй.



Коронавирус адæймаджы организммæ бахауы æмæ бирæ кæны. Куыддæр коронавирусæй рынчын æхснырсы, хуыфы кæнæ улæфы, вирусы дзыхæй хæрз чысыл доны ‘ртæхты хуызы калы.

Раст у, вирусæн йæхи фенæн гæнæндзинад нæй, фæлæ хæрз чысыл æртæхты фæфиппайын нæу зын. Уазал боны ахæм æртæхтæ комытæфы уадзынц! Кæд æмæ исчи æнæнхъæлæджы уыцы уæлдæфы сулæфа, кæцыйы коронавирус ис, гæнæн ис йæхæдæгдæр ацы вирусæй фæрынчын уа.




Дæ къухæй куы агайай фындзмæ кæнæ дзыхмæ, коронавирус организмæй къухыл æрхауы.

Кæд дæ къухыл вирус ис æмæ ацы рæстæджы ды дуар гом кæныс кæнæ æхгæныс, уæд вирус дуары хæцæныл зайы æмæ цалдæр сахаты цæры. Ацы дуары хæцæнмæ æндæр исчи куы фæцагайа, уæд вирус уый къухыл ахиздзæн.




Кæд уый фæстæ ацы адæймаг уыцы къухæй йæ фындзмæ кæнæ дзыхмæ фæцагайдта, уæд вирус хæрз æнцонæй бахаудзæн йæ организмы.




Уæдæ афтæ, коронавирус дыл уыцы цауы дæр гæнæн ис æмæ бахæца, кæд ахæм истæмæ февналай, кæцыйыл уæдмæ ацы вирусæй рынчын адæймаг аныдзæвд.

# ЦЫ ‘РЦÆУДЗÆН, КОРОНАВИРУСÆЙ КУЫ ФÆРЫНЧЫН УÆМ?

Иуæй-иу адæймаг, уæлдайдæр саби, æппындæр æй нæ хаты, æмæ йын коронавирус ис, фæлæ вирус уый организмы ис æмæ гæнæн ис æндæрыл æнцонæй бахæца.




Фæлæ арæх коронавирусæй рынчын адæймаг фæхуыфы æмæ йын вæййы бæрзонд тæвд. Иуæй-иуæн йæ сæр дæр фæриссы æмæ æдыхдзинад фенкъары. Арæх цауы ахæм уавæр 10-14 боны даргъ кæны.

Адæймаджы организм цыдæр диссаг у: куыддæр æм ног вирус бахауы, цахæм, зæгъæм, коронавирус у, организм æй хаты, æмæ йæм цыдæр æнæзонгæ кæй æрбабырста æмæ йемæ стыр лæгдыхæй райдайы тох кæнын.




Адæймаджы организмы æнахуыр хæцæнгарз  ис вирустимæ тох кæнынæн. Уый **антибаургъæдтæ** хонынц, кæцытæн ис хæрзчысыл туджы чырæгтæ. Æмæ куыддæр организм фæхаты, æмæ æнæхонгæ уазæг фæзынд, ома вирус æм фæзынд, туджы чырæгтæ уайтагъд сактивон вæййынц æмæ сæ равзæры антибаргъæдтæ. Уыдон ахсынц вирусты æмæ сæ куынæг кæнынц.

Раст ацы тохы рæстæджы сфылдæр вæййы рынчыны температурæ, фæлæ куыддæр антибаргъæдтæ вирусы басæтдзысты, афтæ рынчын уайтагъд сдзæбæх уыдзæн.







Махæй алкæй туджы дæр 10 миллиардæй фылдæр æндæр æмæ æндæр типы антибаргъæдтæ ис. Уæдæ афтæ, дæ буары мидæг уыйас антибаргъæд ис, æмæ уыйбæрц адæймаг нæ цæуы зæххыцъарыл!

# ЦÆМÆН ТÆРСЫНЦ КОРОНАВИРУСÆЙ?

Зæгъæн ис æмæ махæй алчидæр уыйас æнæниз у, æмæ нæ бон у вирусимæ тох кæнын, фæлæ ис ахæм адæймæгтæ, кæцытæн уый зын у, уымæн æмæ, уыдонæн сæ организм æдых у. Зæгъæм, зæрæдтæ, кæнæ уыдон, кæцытæ æндæр низтæй сты рынчын.




Уыдон фылдæр æххуыс хъæуы коронавирусимæ тохкæнынæн. Уый тыххæй уыдон рынчындонмæ цæуынц, цыран сыл дохтыртæ аудынц. Кæцытæн улæфт нæ фаг кæны, уыдоны дохтыртæ **специалон улæфæн аппартмæ** бауи кæнынц.




Фæлæ иуæй-иу хатт, дохтырты тырнындзинадмæ æнæгæсгæйæ, вирус гæнæн ис æдых организмы ноджы тынгдæр смæллæг кæна æмæ рынчын амæла.

Раст уый тыххæй ацæргæтæ æнæмæнгæй хæдзары хъуамæ баззайой æмæ сæхи хизой бирæадæмон бынæттæй, цыран вирусы бахæцынæй тæссаг у.




Кæд уын ис зæронд нана æмæ дада кæнæ хæстæджытæ, хорз уыдзæн, уыдоны æнæниздзинадыл ды дæр аудай æмæ сæм рæстæгмæ уазæгуаты цæуынæй дæхи бауром.





სულაკაურის გამომცემლობა

# КУЫД ХОС КÆНЫНЦ КОРОНАВИРУСЫ?

Рынчынты фылдæр коронавирусæй йæхæдæг дзæбæх кæны, фæлæ дохтырты æмæ зонадон кусджыты фæнды, цæмæй алчидæр цырд æмæ æнцонæй сдзæбæх уа. Коронавирусы хос нырма нæй, уымæн æмæ ног низфæзынд у. Фæлæ, дохтыртæ æндæр æмæ æндæр хостæ уæддæр пайда кæнынц æмæ тырнынц, афтæмæй баххуыс кæной рынчынæн.

Зонадон кусджытæ та бынтон ног хос саразынил кусынц, кæцы нын конкретонæй ацы вирусимæ тохы баххуыс кæндзæнис.




Ахуыргæндтæ тырнынц, скæной ног **вакцинæ дæр**.

Вакцинæ специалон хос у, кæцы æнæниз адæмаджы организмы шприцæй бауадзынц. Ацы хосы сконды ис æдых кæнæ мард вирус. Нæ антибаргъæдтæ йæ басæттыныл «сæхи фæлтæрынц» æмæ ныл уый фæстæ æцæгдæр куы бахæца вирус, уæд сфæлтæрдгонд антибаргъæдтæ уый цырд æмæ æнцонæй амардзысты.




Чысыл ма куы уыдтæ, уæд æндæр æмæ æндæр низфæзындты вакцинæ дæуæн дæр бауагътой дæ организмы æмæ ныр ацы низфæзындтæ дæуыл нал бахæцдзысты! Уый **æфтауынæг** хонæм.




Ног хос аразынæн мæйтæ хъæуы. Цалынмæ ахуыргæндтæ уый дзæвгар адæймаджы хоскæнынæн спайда кæной, уæдмæ хъуамæ сбæлвырд кæной, цæмæй ног вакцинæ æцæгæйдæр кæй басæтдзæн вирусы. Уый тыххæй йæ нырма тынг хъавгæйæ æрмæст цалдæр адæймагыл бафæлвардзысты. Стæй бæлвырдæй куы базоной, æмæ вакцина хорз архайы, æдас у, æрмæстдæр уый фæстæ сцæттæ кæндзысты уыйбæрц, цæмæй алкæмæн дæр скæной низы ныхмæ æфтауынæг.

სულაკაურის
გამომცემლობა
სულაკაურის
გამომცემლობა

# ЦÆМÆН У ÆХГÆД БИРÆ АХÆМ БЫНÆТТÆ, КÆДÆМ-ИУ РАЗДÆР ЦЫДТÆН?

Раст у, махæй бирæтæ æнцонæй фæтых уыдзысты коронавирусыл, фæлæ нысаниуæгджын уый у, æмæ ахæм адæмæн баххуыс кæнæм, кæцыты, гæнæн ис, тынг смæллæг кæна ацы вирус. Кæд бирæ адæймагыл бахæцдзæн вирус æмæ æмрæстæджы бирæ бахаудзæн рынчындонмæ, уæд гæнæн ис дохтыртæн фæзын уа алы пациентмæ аккагæй базилын.

Коронавирус хæрз æрцонæй æмæ цырдæй парахат кæны, уый тыххæй сæрмагондæй хъуамæ нæхи бахъахъхъæнæм æмæ бирæадæмон бынæттæм цæуынæй, æндæртимæ арæх æмахастытæй нæхи бахизæм.




Раст ай тыххæй æхгæд æрцыдысты скъолæтæ æмæ сабидæттæ. Хицауад нæ фæдзæхсы, цæмæй хæдзарæй æрмæстдæр æнæаргъæвгæ хъуыддæгты фæдыл хъуамæ ахизæм.







Фæлæ дохтырты, медицинон хоты, супермаркеты æмкусджыты æмæ курьерты уæддæр бахъæуы куыстуатмæ цæуын, уымæн æмæ, уыдон сæ куыст хæдзарæй нæ сæххæст кæндзысты.

Продукты æлхæнынмæ кæнæ уæлдæфмæ хи аирхæфсынæн дæуæн дæр дæ бон у хæдзарæй рацæуын, æрмæст чысыл рæстæгмæ æмæ æдзасдзинады нормæты хъахъхъæнынæй. Æдзухæй дæ зæрдыл дар, кæй никæй фæнды æввахс æм балæууай.







Кæд дæ бинонты уæнг йæхи æвзæр хаты æмæ тæрсы, цæмæй йыл гæнæн ис æмæ коронавирус бахæцыд, уæд æнæхъæн дыууæ къуырийы дæргъы хæдзарæй æппындæр ма хъуамæ равæрай дæ къах, уымæн æмæ, дæуæн дæр гæнæн ис уа вирус. Ахæм рæстæджы æппæт бинонтæ хъуамæ баззайой хæдзары. Ахсджиаг у, цæмæй уыдонæй иу дæр продуктты тыххæй ма рахиза дуармæ, цæмæй вирус ма бахæцын кæна ууыл, кæцыйæн ацы низимæ тох кæнын зын у.

სულაკაურის გამომცემლობა

სულაკაურის გამომცემლობა

# КУЫД ДАРÆМ НÆХИ, КÆД ÆНÆХЪÆН БОН ХÆДЗАРЫ ХЪУАМÆ БАДÆМ?

Иуæй-иу хатт хæдзары уæвын бинонты уæнгтимæ тынг хъæлдзæг у. Дæ бон у ахæм цыдæртæ аразай, кæцы уыцы рæстæджы нæ фæаразыс, скъолæйы куы вæййыс, хистæртæ та – куысты: бирæ ахъазат иумæ, чингуытæ кæсат, ныв кæнат, фæлтæрæнтæ аразат, зарат, кафат...













Ай алцыппæт афтæ у. Дæ бинонты уæнгтæ дæр хаттæй-хатт æвæццæгæн дæуау хъуыды кæнынц, фæлæ тырнынц, ма йæ равдисой.







Гæнæн ис, уыдон дæр мæт кæнынц, сæ куыстыл, кæнæ катай кæнынц ууыл, цæмæй дæу цыдæриддæр хъæуы уый æлхæнæн, мыййаг, сæ бон куы нæ суа...







Бафæлвар, де 'нкъарддзинады, дæ катайы æмæ хъуыдыты хистæр адæймагæн – бинонты уæнгæн, искæцы хæстæгæн кæнæ дæ уарзон ахуыргæнæгæн радзур æмæ цъус схъæлдзæг уай. Дæ бон у дæ хæлæрттæм телефонæй адзурай кæнæ интернетæй спайда кæнай семæ бастдзинадæн.



სულაკაურის გამომცემლობა

# КУЫД БАХХУЫС КÆНÆМ ÆНДÆРТÆН?

Ныридæгæн бирæтæн æххуыс кæныс хæдзары уæвынадæй, фæлæ дæ бон у ноджы фылдæр арæхстдзинад равдисай, цæмæй дыл коронавирус ма бахæца æмæ уый фæстæ æндæртыл ма бахæцын кæнай.

Зыдтай йæ, æмæ вирусты сапон кæй мары? Кæд къухтæ зæрдæбынæй ныхсдзынæ, уæд коронавирус дæ къухтыл нал баззайдзæн. Фæлæ, зæрдæбынæй ныхсынæн цъус фылдæр рæстæг хъæуы, уый тыххæй къухтæ æхсыны рæстæджы искæцы зарæг азар. Мæнæ, зæгъæм, «Цы рæсугъд бон у», - ацы зарæг къухтæ æхсгæйæ дыууæ хатты куы азарай, уæд фаг уыдзæн.







Кæд дын æхснырсæг ис, фындз мæрзынæн гæххæттын фыдзмæрзæн спайда кæн æмæ йæ уайтагъд æнæмæнгæй бырæтты урнæйы ныппар. Уый фæстæ дæ къухтæ ныхс, уымæн æмæ вирус фындзмæрзæнæй гæнæн ис къухмæ рахиза.

Кæд хуыфай кæнæ æхснырсай, дæ дзых къухы рæмбынæй амбæрз. Афтæ вирус къухыл нал баззайдзæн æмæ къаддæр ахæлиу уыдзæн.





Кæд алчидæр афтæ сараздзæн, уæд æндæртыл нал бафтаудзыстæм вирусы!

# НОДЖЫ МА ЦЫ НÆ БОН У САРАЗЫН?

Ис ма иу ахсджиаг цыдæр, кæцы æнæмæнгæй у нæ бон саразын: бацархай, цæмæй дын хорз ахастытæ уа уыцы адæймæгтимæ, кæцытимæ иумæ цæрыс. Ныртæккæ алкæмæн дæр зын æмæ уæззау рæстæг у.

Кæд дын ис хæ æмæ æфсымæр, бацархай, семæ ма быцæу кæн, кæд дæ мæсты кæнынц, уæддæр.




Кæд хистæртимæ иумæ цæрыс, сæ фæндон сын æнæзивæгæй æххæст кæн.







Цалынмæ скъолæмæ нæ цæуыс, бацархай, хæдзары сахуыр кæнай. Афтæ рæстæг тагъдæр ацæудзæн æмæ къаддæр сфæлмæцдзынæ. Стæй, скъолæмæ куы райдайай цæуын, уæд бирæ цыдæртæ зондзынæ!

Экраны цур бирæ рæстæг ма ‘рвит. Компютерон хъæзтыты фæлтау, чингуытæ кæс. Чингуытæ кæсын рæстæджы марыны æппæты хуыздæр фæрæз у.

Ныртæккæ хистæртæ хæдзæрттæй кусынц. Ацы рæстæджы дæуæндæр дæ бон у уыдонæн баххуыс кæнын. Куыд? Кусыны рæстæджы, уыдон ма хъыг дар. Афтæ тагъддæр фæуыдзысты сæ куысты хъуыддæгтæ æмæ сын фылдæр рæстæг уыдзæн дæу тыххæй дæр. Дæ бон у уæдмæ уал ныффыссай номхыгъд, цы аразын дæ фæнды уыдонимæ иумæ сæрибар рæстæджы.



# ЦЫ ‘РЦÆУДЗÆН СОМБОНЫ?

Ныртæккæ æнахуыр рæстæг у – коронавирус æгас дунейыл у ахæлиугонд.



Фæлæ кæд арæхстгай уыдзыстæм æмæ хæдзары баззайдзыстæм, ацы вирусы æнæмæнгæй æрурoмдзыстæм. Ацы рæстæгмæ та ахуыргæндтæ æмæ дохтыртæ хуыздæр сахуыр кæндзысты, куыд схос кæной рынчынтæн æмæ куыд сцæттæ кæной ног хос æви вакцинæ, кæцы алкæй дæр бахъахъхъæндзæн ацы низфæзындæй.

Иу бон уыдзæн, хæрз тагъд, æниу æй дырысæй ныpма ничи зоны, кæд уыдзæн, бæллиццаг хиуæттæм уазæгуаты ацæудзынæ, де ‘мгæрттимæ дæр ахъаздзынæ æмæ скъолæмæ дæр цæудзынæ. Налдæр хъазæн фæзуатмæ цæуынæй фæцух уыдзынæ æмæ нал дæр æрдзы хъæбысы тезгъо кæнынæй, кæцымæ ныртæккæ афтæ тынг бæллыс!





# ИУ БОНЫ АЦЫ ÆНАХУЫР РÆСТÆГ ФÆУЫДЗÆН.




ᲡᲣᲚᲐᲙᲐᲣᲠᲘᲡ გამომცემლობა

ᲡᲣᲚᲐᲙᲐᲣᲠᲘᲡ გამომცემლობა




სულაკაურის გამომცემლობა
სულაკაურის გამომცემლობა